# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# कलीसिया क जनम

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



जब यीशु क मृत्यु हो गइल तब, उनकर अनुयायी लुका गइलें। यीशु की मूवलन में से जी उठला की बाद, अपनी चेलन की सामने प्रगट भइलन। यीशु जीवित रहलन! लेकिन - यीशु उन लोगन के छोड़ला क योजना बनवलन, ताकि उ वापस स्वर्ग जा सकें जहा उ हमेशा परमेश्वर, अपनी पिता की संगे रहें।





यीशु
उहाँ से
जइला से
पाहिले,
शिष्यन,
अनुआयियन
के दिलासा
दिहलन
(वयदा कइलन)
की उ उनकी मदद
की खातिर परमेश्वर की आत्मा के
भेजीहन। (यूहन्ना 15:26) समय
निकट आइल! यीशु कुछ दिन की बाद
उन लोगन के छोड़ दिहलन, अउर तब
परमेश्वर क पवित्र आत्मा आइल।

ई ए तरह से घटित भइल। यीशु के अनुयायियन में से लगभग 120 अनुयायी एगो घर में एक साथ प्रार्थना करत रहलें। अचानक, घर  एगो शक्तिशाली तेज हवा की आवाज से भर गइल।



आग की फटला जइसन लपट हर एक व्यक्ति पर ठहरल। उ सब पवित्र आत्मा से भर गइलें - ठीक ओइसने जेइसन यीशु मसीह वादा कइले रहलन!



सड़कन पर बाहर, 'यीशु क अनुयायी लोग अन्य अन्य भाषा बोललें जेवन उ कभी ना सीखले रहलें। यरूशलेम में आइल विदेशी लोग शिष्यन की ए नई भाषा में परमेश्वर  की अद्भुत काम की बारे में बात सुनलें। आगंतुक चकित रहलें ।
"एकर मतलब का हअ?" उ पूछलें।
दूसर लोग उनकर मजाक उड़वलें "उ सब नाया शराब पीयले बाड़न सअ।"



पतरस ई कहलन, "ई सब लोग नाशा में नेइखें ... एकरा बारे में योएल नबी ई कहले रहलें ..." पतरस फिर ओ लोगन के, बहुत साल पहिले की भविष्यवाणी के उन सबके याद दियवलन, परमेश्वर वादा कइले रहलन की पवित्र आत्मा लोगन क मदद करे अउर आशीष देबे खातिर आई।



पतरस ओ लोगन के अपनी पापन से पश्चाताप करे अउर यीशु मसीह की नाम से बपतिस्मा लेबे खातिर लोगन के बतवलन "... अउर तू सब लोग पवित्र आत्मा क दान पाइबअ जा," पतरस कहलन। लगभग 3000 लोग आज्ञा मनलें; उ लोग यीशु क भक्त की रूप में शिष्यन की साथ शामिल हो गइलें। समय बीतला पर, अधिक से अधिक लोग परमेश्वर की कलीसिया में जुड़त गइलें जेईसन परमेश्वर पवित्र आत्मा अइला की दिन शुरू कइले रहलन।



पवित्र आत्मा, परमेश्वर की लोगन की जीवन में प्रभु की शक्ति के लीअइलन। एक दिन, पतरस अउर यूहन्ना, प्रार्थना की वक्त एक साथ मंदिर में गइलें। एगो  लंगड़ा भिखारी, मंदिर की गेट की बाहर बइठल रहे। उ पतरस अउर यूहन्ना से पइसा पवला की उम्मीद से भीख मंगलस।





तब पतरस कहलन, तोहके
देबे खातिर हमरी की पास
"सोना अउर चाँदी त नेइखे,
लेकिन जेवन कुछ बा उ हम
तोहके दे तनी: यीशु नासरी
की नाम से, उठअ अउर चलअ
फिरअ," अउर ओ के दाहिने
हाथ में ले के ऊपर उठवलें तब
उ, ऊपर उछल के खाड़ा हो
गइलन अउर चले लगलन –
उ उनकी संगे मंदिर में प्रवेश
कइलन अउर परमेश्वर क
स्तुति कइलन।



चमत्कार के देखके चकित एगो बड़ भीड़ इकट्ठा हो गइल। पतरस उन सबके ई बतवलन की अपंग आदमी के परमेश्वर क शक्ति चंगा कइलस हअ; उ हमरी शक्ति से ना भइल हअ।

जब पतरस यहूदियन के याद दियवलन की परमेश्वर यीशु के मरला में से जियवलन हअ, तब मंदिर क नेता लोग गुस्सा से पतरस अउर यूहन्ना के जब्त कर जेल में डाल दिहलें। हालांकि, लगभग 5000 लोग यीशु पर विश्वास कइलें।



अगिला दिन, पतरस अउर यूहन्ना मंदिर की शासकन की सामने खड़ा भइलें। शासक लोग  पूछलें, "केकरी शक्ति द्वारा या केकरी नाम से तू  ई कइलअ हअ?" पवित्र आत्मा से परिपूर्ण, पतरस बहादुरी से जवाब दिहलन। "... नासरत की यीशु मसीह की नाम से, जे के तोहन लोग क्रूस पर चढ़ा दिहलअ, जे के परमेश्वर  मुर्दन में से जियवलन, उनही की नाम की कारन ई आदमी चंगा तोहन लोगन की सामने खाड़ा बा।"





पतरस, "बेधड़क बोलल जारी रखलन.स्वर्ग अउर पृथवी की बीच हमनी के कवनो अउर दूसर नाम नेइखे दिहल गइल जेवना से हम सब उद्धार पा सकीं।" लोग यीशु पर विश्वास ना करें, शासक लोग गंभीर रूप से पतरस अउर यूहन्ना के धमकी दिहलें। "अब से तू सब यीशु की नाम से केहु से बात मत करिहअ जा"।



पतरस एक बार यीशु की नाम की कारन खाड़ा होखे खातिर डेरा त रहल। लेकिन उ पवित्र आत्मा से पाहिले क बात रहल। अब ओ के केहु डेरवा ना सकत रहे।



पतरस अउर
यूहन्ना जबाब
दिहलन, का
ई परमेश्वर की
नजर में सही
ह कि हमनी क
परमेश्वर क बात
सुनला से ज्यादा
तोहन लोगन क
बात सुनी अउर
पालन करीं जा,
तू खुद ही न्याय
कर लअ।





"लेकिन हमनी क जेवन देखलीं अउर सुनलींहँ जा, ओ बातन के बतावल बंद ना कर सकत बानी जा"।

अधिक धमकी
दिहला की बाद,
शासक लोग
पतरस अउर
यूहन्ना के छोड़
दिहलें। परमेश्वर
क बहादुर सेवक
सब जेल अउर
अदालतन की बारे
में अपनी साथी
लोगन के बतवलें।



तब उ एगो
भब्य प्रार्थना
अउर स्तुति संगति
क आयोजन कइलें।
फिर परमेश्वर की
पवित्र आत्मा क
शक्ति अपनी लोगन
के भरलें - अउर ओहि
समय नाया कलीसिया
क स्थापना भइल
जेवन बढत अउर
बढत चल गइल।



# कलीसिया क जनम

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरितों के काम 1-4

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16